

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan anu dipedar dina bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 16 Bandung taun ajaran 2018-2019, saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Role Playing* nya éta 5 urang siswa (15%) anu meunang peunteun > 76 kalawan katégori tuntas sedengkeun 32 urang siswa (85%) anu meunang peunteun < 76 kalawan katégori can tuntas.
- 2) Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 16 Bandung taun ajaran 2018-2019, sabada ngagunakeun modél pangajaran *Role Playing* nya éta 29 urang siswa (88%) anu meunang peunteun > 76 kalawan katégori tuntas sedengkeun 4 urang siswa (12%) anu meunang peunteun < 76 kalawan katégori can tuntas.
- 3) Aya bédha nu signifikan antara kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 16 Bandung taun ajaran 2018-2019 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Role Playing*. Ieu hal dibuktikeun dina uji hipotésis kalawan hasil ngitung t statistik ngahasilkeun peunteun $-9,873$ jeung signifikansi (Sig. 2-tailed) 0,000. Ku sabab peunteun signifikasina (Sig. 2-tailed) nya éta $0,000 < 0,05$. Ku kituna, H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis guguritan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Role Playing*. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *Role Playing* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-D SMPN Negeri 16 Bandung taun ajaran 2018-2019.

Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *Role Playing* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan.

Arif Abdul Rochman, 2018

MODÉL PANGAJARAN ROLE PLAYING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH SISWA DINA NULIS GUGURITAN SEKAR AGEUNG: Studi Kuasi Éksérimen kelas VIII-D SMPN 16 Bandung
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya éta saperti ieu dihandap.

- 1) Modél Pangajaran *Role Playing* éfektif ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis guguritan SMP Negeri 16 Bandung taun ajaran 2018-2019 nu bisa dipaké alternative guru pikeun pangajaran nulis guguritan.
- 2) Sangkan leuwih ngabuktikeun kaéfektifan ieu modél perlu diayakeun deui panalungtikan séjén dina pangajaran anu bédha.
- 3) Pikeun panalungtik kudu leuwih sayaga dina ngararancang modél pangajaran *Role Playing*.